



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedyat: 18 novanm 2013

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE PATENARYA AK SANT NASYONAL POU SEKIRITE ENTÈNÈT POU RANFÒSE
SIBÈ-SEKIRITE NEW YORK**

Premye kalte kolaborasyon konsa ak gouvènmen federal pou defann ak entèvni kont sibè-atak

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a New York State Intelligence Center relocalize nan Center for Internet Security nan East Greenbush, New York, pou mete prensipal ajans pwoteksyon sibè-sekirite eta a anba menm twa antanke yon òganizasyon lidè ki pap fè lajan eki dedye l nan amelyorasyon eta preparasyon ak entèvansyon sibè-sekirite sou tè a. Nouvo patenarya sa bay New York okazyon pou l ranmase ak analize enfòmasyon sou sibè-atak ak plis efikasite epitou pou pèmèt otorite entelijans eta a pi byen kowòdone efò yo ak otorite federal pou defann ak entèvni kont sibè-atak.

“Eta New York ap travay aktivman pou mete anplas nouvo mezi pou souti sibè-sekirite nou an epi ede pwoteje sitwayen ak enstitisyon kont atak nan enfrastrikti teknoloji nou an,” te deklare Gouvènè Cuomo. “Alyans meye sibè-espè sa pral ede fasilite nouvo kowòdinasyon ant gouvènman, resous polisye ak sekirite piblik pou nou ka pi byen pwoteje sibè-sistèm nou yo kont atak.”

New York State Intelligence Center a, ki gen nan tèt li Division of State Police kap jere li, te kreye nan mwa Out 2003 kòm yon sant fizyon “tout krim” eki responsab pou rasanble, analize ak simaye enfòmasyon ak entelijans bay yon pakèt gouvènman onivo eta, lokal, teritoryal, ak tribal.

Center for Internet Security a se yon òganizasyon mondyal ki pap fè lajan eki gen kòm misyon pou amelyore eta preparasyon ak repons sibè-sekirite sektè piblik ak prive yo. Travay CIS la gen ladann yon sant operasyon sekirite komen kap founi sibè alèt ak analiz pou ankouraje pataj enfòmasyon nan tout nivo gouvènman. Nouvo patenarya sa kreye yon inite operasyon ak analiz komen pou analize ak reponn ak plis efikasite kont sibè atak tankou, men pa sa sèlman, enjerans nan rezo, tantativ pirataj, ak zak pou pètibe operasyon nòmal sektè piblik ak prive a tankou rezo elektrik ak enèji a ak enstitisyon finansye yo.

Sipè-Entandan Lapolis Eta New York, Joseph A. D'Amico te di konsa, “Tèt ansanm sa pral kontinye pou tabli Eta New York kòm yon lidè nan sibè-sekirite. NYSIC ak CIS pral travay nan tèt kole pou pwoteje Nouyòkè, enstitisyon li yo ak konpayi li yo kont sibè-atak ak atak fizik. Nan travay ansanm ak patenè nou yo, Lapolis Eta New York pral kontinye lite kont sibè-krim.”

Haitian Creole

Benjamin M. Lawsky, Sipè Entandan Sèvis Finans ak Prezidan Konsèy Konsiltan sou Sibè-Sekirite Gouvènè a, te di konsa: “Antanke yon sant finansye mondyal, New York kapab epi dwe yon lidè nasyonal nan lit kont sibè-atak. Yon apwòch 'men anpil' vital pou reyalizasyon objektif la. Nou dwe asire nou rete vijilan epi nou gen yon longè davans pandan n ap fè fas ak atak teknoloji kap evolue nan enfrastrikti ak ekonomi eta nou an.”

Manm Komisyon New York State Division of Homeland Security and Emergency Services, Jerome M. Hauer te di konsa, “Gouvènè Cuomo montre yon lòt fwa ankò lidèchip eklere ak djanm li nan kreyasyon kolaborasyon enpòtan sa ak gouvènman federal la pou defann ak entèvni nan ka sibè-atak. Sibè-atak mondyal, kap ogmante chak jou ak plis sofistikasyon, fokis sou yon pakèt objektif mekan, tankou kraze sistèm, vòlè oubyen andomaje enfòmasyon, epi domaje enfrastrikti enpòtan. Kidonk, li esansyèl pou Eta nou an kenbe defans solid, sou plizyè nivo ki anglobe moun, teknoloji, ak operasyon pou yo ka amelyore toutan defans atak sibè-sekirite nou an.”

“Epòk ‘fè kavalye pou kont ou a’ fini - n ap reyisi si sèlman nou travay ansanm nan yon fason serye ak entegre,” te deklare William F. Pelgrin, Prezidan ak Direktè Egzekitif CIS “Mwen kontan anpil pou m asosye ak DHS ak Eta New York pou kreye nouvo tip resous pataj enfòmasyon sa kap ede gouvènman SLTT nou yo nan evalyasyon atak yo gen anfas yo epi devlope defans ak repons efikas.”

Makonnen kapasite antiteworis ak entelijans aktyèl eta a ak sèl aksè CIS la nan sibè-atak antan reyèl kap soti tout kote nan nasyon an, fè sosyete ankomen sa reprezante premye a nan stil sa nan enstitisyon ki la pou fè respekte lalwa nan peyi Etazini Rezilta final la se ogmante pwoteksyon pou enfrastrikti enpòtan New York ak pou rezidan li yo.

###

W ap jwenn lòt nouvel nan sit wèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418